O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ TA`LİMİ WA`ZİRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAGI NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

«PEDAGOGİKA» FAKUL`TETİ

«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası» kafedrası
«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası» ta`lim bag`darı

«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikasın oqıtıwdın` metodikası ha`m a`meliyatı» pa`ninen

# *KURS JUMISI*

**Orınlag`an : 3 b kurs talabası** **M. Kewlimjaeva**

**Qabıllag`an :** **J. Darmenov**



**NO`KİS-2016**

# ***TEMA: ULIWMA TA`LİM MEKTEPLERİNDE MU`SİNShİLİK ShINIG`IWLARIN ALIP BARIW***

**J O B A :**

**Kirisiw**……..……………………………………………………….3

1.Ulıwma ta`lim mekteplerinde su`wretlew o`nerin oqıtıw metodikası…………………………………………………………6

2.Ulıwma ta`lim mekteplerinde su`wretlew o`neri shınıg`ıw tu`rleri……………………………………….…………………………..9

**Tiykarg`ı bo`lim**

1.Su`wretlew o`nerinin` mu`sinshilik tu`ri boyınsha gu`rrin` o`tkeriw…………………………………..…………………………….14

**Juwmaqlaw**……………………………………………………......20

**Paydalanılg`an a`debiyatlar**…………..……………………………22

# ***KİRİSİW***

Su`wretlew o`neri insannın` ko`rkemlik sezimin o`siriwge ha`m la`zzetleniwdin` joqarı shın`ı bolıp esaplanadı. Biz su`wretlew jolı arqalı ta`biyattın` go`zzallıg`ın ondag`ı mın`lag`an ren`lerdin` bar ekenligi o`simlik du`nyası, qus ha`m haywanat du`nyası menen tanısamız. Balalar olardın` su`wretlerin aq qag`az ju`zine tu`sirer eken, ol su`wrette olardın` miyneti, oylag`an oyı, ta`biyatqa bolg`an tu`sinigi ko`rinip turadı.

Ta`biyattag`ı o`mirdegi go`zzallıq sırların u`yreniw arqalı insanlarg`a tiyisli jaqsı pa`ziylet-kelesheqqe jetelew boyınsha basqa hesh bir taraw oqıtıwshısı su`wretlew, qol o`ner bere alatug`ın wazıypanı atqara almaydı. Shının`da da, oqıwshı ha`m jaslardı estetikalıq ha`m morallıq kamalatqa jetkeriw, olarg`a ha`r ta`repleme ruwxıy azıq beriwde su`wretlew, qol o`neri qa`niygeliginin` imkaniyatları ken`.

Oqıtıw o`neri pedagogtan ko`p narselerdi talap etedi. O`z pa`nin (sabaqlıg`ın) o`zlestiriudi, psixologiya, fiziologiya pa`ninen xabardar talim-tarbiya protsessin sholkemlestirip biliudi olardı ameliy iste kollana biliudi talap etedi. Bir en tiykargı masele pedagog o`zinin oqıtatug`ın pa`nin jaksı koriui kerek - degen. Sonda oqıtıwshı pa`nin balalarga u`yretiwde tırısadı, degen menen balalarga tek gana o`z pa`nin jaksı koriu arkalı oqıtıw o`nerin iyelep alıw mu`mkin emes, ha`r bir oqıtıwshı su`wretlew o`nerin tabıslı u`yretiu ushın qaysı bir usıldın en jaksı natiyje beretug`ının` neden baslap qaysı jerde toqtatug`ınlıg`ın ha`mde u`yretiw paytında en` kerekli ha`m baslı tiykarg`ı narseni alıp ashıp korsetiwdi biliwi shart.

Mekteplerde ag`la oqıtıwshı bolıw ushın ha`zirgi zaman didaktikasın jaqsı biliwi ha`m onı do`retiwshilik ra`wishte a`melde qollana biliwi maqsetke muwapıq. Sebebi, ta`lim ta`rbiyanın` tutqan ornın` to`mendegi didaktik sistemasındag`ı printsipler ashıp beredi. Ta`lim-ta`rbiyada oqıwshılarg`a ta`rbiya beriwde, jas a`wladtı g`a`rezsiz ta`limatları, ko`rsetpeleri tiykarında ha`r tamamlama mag`lıwmatlı, o`zligin an`laytug`ın, qa`siyetlerin o`zinde ja`mlegen insanlar etip ta`rbiyalaw. Biz oqıwshı jaslarg`a su`wretlew o`neri haqqında aytqanımızda onın` maqset ha`m wazıypalarındag`ı u`lken a`hmiyetke iye bolg`an ko`rkem-o`nerdin` realistik (barlıq)

printsipleri tiykarında jaratılısın ashıp beriwimiz kerek. Tolqınlanıwshı ta`sir etip, adam sezimtallıg`ın o`siredi. A`ne usınday qa`siyetlerge qarap su`wretlew o`neri oqıtıwshısı ta`rbiyalıq maqsetlerdi ko`zlep, onnan o`nimli paydalansa maqsetke muwapıq boladı.

Suwretlew o`neri sabaqlarının` tiykarg`ı maqseti balalardı arnawlı bilim ha`m ta`jiriybeler menen qurallandırıw ja`ne watang`a sadıqlıq ruwxında ta`rbiyalawg`a qaratılg`an. Ol do`gerektegi predmetlerge ha`m waqıya ha`diyselerge, su`wretlew o`nerine estetik qatnasıqlardı qa`liplestiredi, olardın` go`zzallıg`ın an`lay biliw tu`sinigin rawajlandıradı.

Suwretlew iskusstvası sabaqları protsessinde balalardın` ko`rkemlik do`retiwshiligi ha`m sezgirligi o`sedi, ko`rkemlikti pikirlew shen`beri ken`eyedi. Olar zattın` o`zine qarap, tema tiykarında, oylag`anların ko`z aldına keltirip su`wret salıwdı, dekorativ-a`meliy jumıslar islewdi, mu`sinshilik boyınsha baslawısh klasslarg`a qarag`anda joqarg`ı klass oqıwshılarına quramalıraq is usılların atqarıwdı o`zlestiredi.

Balalardın` bilim, ta`jriybe ha`m ko`nlikpelerine qoyılatug`ın talaplar artıp baradı. Bul toparta balalardan burın`g`ı toparlardag`ıg`a qarag`anda ko`birek o`z betinshe, wazıypag`a do`retiwshilik penen jaqınlasıwdı talap etedi. Ha`r bir sabaqtın` maqsetin anıqlawda ha`m a`melge asırıwda u`a`retiwshi, rawajlandırıwshı, ta`rbiyalawshı bag`darlardı belgilep alıw lazım.

Sol na`rseni ayrıqsha atap o`tiwimiz kerek, yag`nıy ha`zirgi ku`nde su`wretlew o`nerin oqıtıwda balalardın` do`retiwshiligin arttırıw, qorshag`an ortalıqtı ha`m ko`rkem-o`nerdegi go`zzallıqlardı sezdiriw, iskusstva shıg`armaların tu`siniw oqıwdın` texnikalıq qurallarınan na`tiyjelirek paydalanıw, toparta emotsional` estetik jag`day payda etiw, predmetler aralıq baylanısqa ayrıqsha kewil bo`liw, sabaqtın` barısında problemalıq jag`daylar keltirip shıg`arıw, sabaqlardı oyın tu`rinde o`tkeriw arqalı olardın` aktivligin arttırıw, barlıq sabaqlarda ko`rgizbeli qurallardan maqsetke muwapıq paydalanıw, a`sirese balalardı o`z betinshe islew ha`m bilim alıwg`a u`a`retiw ayrıqsha a`hmiyetli. Sonlıqtan su`wretlew o`neri sabaqlarında mug`alimlerimiz tek su`wret da`pteri, qara qa`lem, o`shirgish, akvarel` boyawların

qollanıw menen sheklenip qalmastan, sabaqlarda ren`li qag`azlar, postel`, ko`mir, flomaster, boyaw qa`lemler, guash`, qal qa`lemler, mu`sinshilik ushın (podstavka) ha`m stekler, plastilin, ılay ha`m basqa da bir qansha ko`rkem o`ner materiallardan paydalanıwları kerek.

Mine usılardın` ha`mmesin ka`sip o`ner kolledjlerinde u`yreniletug`ın kurslardın` biri bolg`an «Suwretlew o`nerin oqıtıw metodikası» pa`ni u`yretedi. Ol bolajaq ta`rbiyashılardı a`meliy shınıg`ıwlarda metodik tamannan tayarlıg`ın jetilistiriwde u`lken rol` atqaradı. Mektep ha`m ka`sip-o`ner kollejlerinde su`wret salıw ha`m onın metodikası shınıg`ıwlarında bul pa`nnin teoriyası ha`m oqıtıw metodikası, sonday aq su`wretlew ha`m a`meliy o`ner tiykarı ha`mde onın tariyxıy ma`selelerine o`z aldına itibar beriledi. Ol bir neshe seanıslı su`wretler sızıudag`ı izbe-izlik sisteması, plenerde yamasa oqıw xanasında a`tyudlar islew, mustaqıl ra`wishte berilgen temalar tiykarında kompozitsiyalar islew, olar su`wretlew yamasa a`meliy o`ner tu`rleri boyınsha gu`rrin`ler o`tkeriw, ren` ma`seleleri menen shug`ıllanıw usag`anlardı o`z ishine aladı.

**Temanın` aktuallıg`ı:** tema ha`zirgi ku`nde aktual mashqalalardın` biri bolıp esaplanadı. Ulıwma ta`lim mekteplerde oqıwshılarg`a mu`sinshilik shınıg`ıwların u`yretiw, olardın` do`retiwshilik uqıplılıqların rawajlandırıwda jan`a usıllar ha`m metodikalıq ko`rsetpeler beriw.

**Izertlew ob`ekti ha`m predmeti:** izertlew ob`ekti No`kis qalalıq xalıq bilimlendiriw bo`limine qaraslı № 18, №25, №26, №38 sanlı ulıwma orta bilim beriwshi mekteptin` oqıwshıları, olarg`a mu`sinshilik shınıg`ıwların u`yretiwde ha`r qıylı jol-jobalardı a`melde paydalanıw.

**Izertlew metodları:** baqlaw, sa`wbetlesiw, oqıwshılar miyneti menen tanısıw ha`m analiz etiw.

**Jumıstın` du`zilisi:** kurs jumısı o`z du`zilisi boyınsha kirisiw, tiykarg`ı bo`lim, juwmaq ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## ***1. Ulıwma ta`lim mekteplerinde su`wretlew o`nerin oqıtıw metodikası***

Metodika ta`lim-ta`rbiya beriw salasında ta`rbiyashının` balalar menen islew usıllarının` mazmunının` qa`siyetlerin qarap shıg`adı. Belgili, mektepte oqıtıwdın` ha`r qıylı metodları qollanıladı.

Bul jerde ta`lim usılı, oqıw materiallarının` jaylasıwı (oqıw, plan, da`stu`r), ta`lim printsipleri ha`m ja`ne (son`ında), oqıw ta`rbiya islerinin` ulıwma maqset ha`m wazıypaları en` u`lken a`hmiyetke iye.

Metodika so`zi bul ta`lim ha`m ta`rbiyanın` kerekli usıllarının` jıynag`ının` ma`nisin bildiredi.

Suwretlew o`nerin oqıtıw metodları degende ta`rbiyashının` balalar menen islew usılların na`tiyjesinde oqıw materialların jaqsı bilip alıw da`rejesine erisiw ha`m o`zlestiriw da`rejesin arttırıw na`zerde tutıladı. Ha`r bir oqıtıw metodları balalar iyelewi lazım bolg`an bilimler mazmunı (ko`lemine) tiyisli ta`rizde ta`lim maqsetine, balalardın` jas ha`m fiziologiyalıq qa`siyetlerine baylanıslı. «Usıl» tu`sinigi pedagogik a`debiyatlarda tez-tez ushırap turadı. Oqıtıw usılı-bul ta`lim ta`rbiyanın` bo`lek qismi bolıp esaplanadı, olardın` jıyındısı oqıtıw metodlarına kiredi.

Ulıwma bag`darg`a qaratılg`an belgili bir oqıtıw metodları ha`m usıllarının` jıyındısınan oqıtıw tizimi du`ziledi.

Suwretlew o`nerin oqıtıw metodikası pedagogikalıq ilmiy pa`n sıpatında ta`jriybede sanalg`an islerin na`zeriy qısımların ulıwmalastırıp, a`meliette jaqsı na`tiyjeler bergen oqıtıw metodların beredi. Metodika a`sirese, pedagogika, psixologiya, estetika ha`m o`nermentshiliktin` izertlew na`tiyjelerine tiykarlanadı. Ol su`wretlew o`nerin u`yretiw nızam-qag`ıydaların ko`rsetip beredi, keleshek a`wladtı ta`rbiyalawdın` zamanago`y metodların belgileydi.

A`meliy metodika, ta`lim ha`m ta`rbiyanın` rawajlanıw ta`repin u`yrenedi. Pedagogikalıq ta`jriybe ko`nlikpelerin u`yreniw onı iyelewge qaratılg`an belgili qa`biletler ha`m qızıg`ıwshılıqtın` bolıwın talap etedi, sebebi o`ner pedagogikasının` mashaqatlı, quramalı ha`m ju`da` maqsuliyası soxası bolıp tabıladı.

Oqıtıw o`neri a`meliy shınıg`ıwlar barısında, uzaq tvorchestvalıq miynet arqalı erisiledi.

Demek, su`wretlew o`nerin oqıtıw metodikası pedagogika iliminin` balalardı su`wretlew o`nerine u`yretiw mazmunı, wazıypaların ha`m metodların oqıtıw mazmunı, wazıypaları ha`m metodların anıqlawshı, tvorchestvalıq jumıslarda aqılg`a

say usılların u`yreniwshi, ta`lim ha`m ta`rbiyanın` maqset ja`ne wazıypalarına suyengen halda jaqsı oqıw barısın du`ziwshi taraw bolıp tabıladı.

Su`wretlew o`neri sabaqların balalar miynet ta`rbiyasın a`melge asırıwdag`ı mu`mkinshilikleri u`lken. Bul ma`sele su`wretlew o`neri sabaqlarının` ba`rshe tu`rleri - natu`rag`a qarap su`wretlew, kompo`zitsiya, san`atshunoslik tiykarları shınıg`ıwları mazmunında ko`zde tutılg`an .

su`wretlew o`neri sabaqlarında ko`rgizbelilik printsipinin` roli ju`da` u`lken.

Sabaqlar ushın ko`rgizbeli kuralar tayarlaw ha`m tanlawda olarg`a to`mendegishe talaplar qoyıladı :

1. Sabaqtın` maqset ha`m wazıypaarına maslıg`ı.
2. Balalardın` jas o`zgesheliklerine maslıg`ı .
3. Ko`rgizbenin` anıqlıg`ı, tu`sinikli bolıwı .
4. Su`wrettin` sıpatlı bolıwı .
5. Ko`rgizbeler o`zinin` ren`-ba`ranlıg`ı menen balalarda zawıq ha`m qızıg`ıw oyatıwı.
6. Estetikalıq talablarg`a maslıg`ı.

Su`wretler, shıg`armalardın` reporduktsiyaları , ko`rkem shıg`armalarg`a islengen illyustratsiyalardı tanlawda to`mendegiler itibarg`a alınıwı kerek :

1. Materiallardın` ideyalılıg`ı.
2. Olardın` ko`rkemligi .
3. Su`wretlew o`neri sabaqlarının` oqıw-ta`rbiya wazıypalarına maslıg`ı
4. Balalar qabıl etiwine maslıg`ı .

Ko`rgizbelilikten orınlı, maqsetke muwapıq rawishte balalardın` jas o`zgesheliklerin` itibarg`a alg`an halda paydalanılsa, ol jaqsı na`tiyjeler beriwi mu`mkin .

Ko`rgizbeliliktin` eki tu`ri bar

1. Tabiyiy ko`rgezbeeli qurallar .
2. Su`wretlew ko`rgizbeli qurallar .

Tabiyiy ko`rgizbeli qurallarg`a forma, ren`i, du`zilisi tabiyiy bolg`an buyımlar (miywe ha`m palızlar , tu`rmıs buyımları, oqıw quralları, a`meliy o`ner buyımları ha`m b.) ni kiritiw mu`mkin.

Su`wretlew ko`rgizbeli qurallarg`a su`wretler, tablitsalar , haywan quslardın` tulumları, su`wretlerdin` reproduktsiyaları, geometrikalıq gipsli formalar, pedagogikalıq su`wretler, fotografiya ha`m basqa sun`iy usıl menen tayarlang`an

su`wretlew qurallar kiradi. Sanap o`tilgen ko`rgizbeli qurallar to`mendegishe toparlanadı :

1. Miynet ha`m tu`rmıs buyımları. Olar geometrikalıq formalar, palız o`nimler, miyweler, qu`slar, haywanlar, gu`ller ha`m o`simlikler a`meliy o`neri buyımları .

2.Buyımlardın` du`zilisi, perspektivalıq nızamları, jaqtı-saya ren`tanıw, dekorativlıq stilizatsiyag`a ta`n, geometrikalıq formadag`ı simdan jasalg`an modeller, vidoiskatel` ha`m basqa ko`rgizbeler .

3.Su`wretler ha`m tablitsalar . Onda su`wret ha`m nag`ıs sızıwdag`ı izbe-izlilikti, a`tirap-ortalıqtın` perspektivalıq ko`rinisleri, a`meliy o`ner shıg`armalarının` su`wretleri.

4.Su`wretshiler shıg`armalarının` reproduktsiyaları, a`meliy o`ner shıg`armalarının` su`wretleri. Bunday ko`rgizbeli qurallar ja`rdeminde jaqtısaya ha`m ren`tanıw, kompo`zitsiya nızamları tu`sindiriledi .

5.Balalarg`a naturanı sızıwda izbe-izlik, ha`r qıylı eksponatlar menen islew metodikasın, buyımlardıq qurılısın, su`wretlenip atırg`an predmetler ha`m ob`ektlerdin` ken`islik halatın` ko`rsetiwshi pedagogikalıq su`wretler ha`m basqalar.

6.Ko`rsetilgen ko`rgizbeli qurallar (diapo`zitivlar, diafil`mlar, slaydlalar, kinofil`mlar). Bular arqalı balalar tu`rli su`wretshiler, xalıq a`meliy o`neri ustaları menen, su`wretlew o`neri shıg`armaların jaratıw texnikası ha`m texnologiyası menen tanısadı .

Ayırım ta`rbiyashılar ko`rgizbeliliktin` rolin natwrı bahalap, bul ma`selede qopal qa`tege jol qoyadı. Olar ko`professor-ukituvchilar hallarda ko`rgizbeli quraldıq bar emesliginen ki olardıq rolin natuwrı tu`sinigenliklerinen balalarg`a tu`rmusta ushıraytug`ın buyımlar, o`simliklerdin` su`wretin esinde saqlaw su`wretlewdi wazıypa qılıp beredi. Este saqlawda su`wret sızıwdı suiste`mol qılıw, a`tirap-ortalıqtag`ı buyımlardın` forması, du`zilisi, ren`i, jaqtı-sayasın natuwrı qabıl qılıwg`a alıp keledi .

Balalardın` aktivligin asırıwda maqsetke muwapıq bag`darlang`an mashqalaalrı wazıypalardı qollaw u`lken ja`rdem beredi .

İzertlew na`tiyjeleri ha`m ta`rbiyashılardın` isleri sonı ko`rsetedi, su`wretlew o`nerin oqıtıwda o`zlestirip bolıng`an bilim ha`m eplilikler olardı tek tiklew emes, ba`lki jan`a materiallardı teren` an`lawg`a, du`n`yaqarasqg`a ta`n juwmaqlar shıg`arıwg`a xızmet qıladı .

## 2. Ulıwma ta`lim mekteplerinde su`wretlew o`neri shınıg`ıw tu`rleri

Jasap atırg`an tabiyat ortalıg`ımızdın go`zzal tamanların kore biliu ha`m olardı baslawısh klass oqıwshılarına sezdiriu ha`m sindiriu baslı uazıypa bolıp tabıladı. Bul isti amelge asırıwda tabiyat korinisleri haqqında baslawısh klasslarda oqıwshının` jaslık oylanıwına karap su`wretlew o`neri shıgarmanı tanlay biliw de exmiyetli orın tutadı. Sebebi ha`r qıylı jastagı oqıwshılar ha`r qıylı maseleler ha`m maksetler koyıladı mıs, oqıwshılar menen gu`rrin` o`tkiziw paytında oqıwshılar kartinada su`wretshinin neni su`wretlegeninin qanday materialda ha`m ne menen islegeninen biliu kerek. (qag`azda, karton, qa`lem, kraska x.t.b.) Oqıwshı menen gu`rrin`ler o`tkiziw paytında tek gana kartinanın` mazmunın`a toktap kalmastan usı kartinanı jaratkan xudojnik haqqında da bir eki auız so`z atıp ketiu juda orınlı Birinshi klass oqıwshıları menen birlikte kartinanı analiz kılıw paytında usı haqqında ulıwma tu`sinik berilse bolganı. Mıs. Voznitsovtın «Alenushka» degen shıgarması boyınsha gu`rrin` o`tkiziw paytında biz su`wretshinin ertek kaha`rmanların su`wretlewde erteklerden bir u`zindilerdi sızıwdı jaksı ko`retug`ınlıg`ın aytıp ketsek boladı. Kartinada su`w boyında basın to`men salıp otırgan qayg`ılı Alenushka otır sonın` menen birge aylana a`tirapta anıq qayg`ısına ortaq su`wda o`sip turg`an qamıslar ha`m ha`r qıylı sho`plerdin` de basları iyligen. Birinshi klassta gu`rrin`ler o`tkeriu sabaqtın basında olarda yamasa akırında boladı. Sonın` menen birge sabaqlarda mazmunları jakın bolgan shıgarmanı analiz qılıw, salıstırıw su`wretshi shıgarması menen renli fotonı salıstırıw jokargı effekt beredi. Oqıwshılardın su`wretlew o`neri haqqındagı oyın-sezimin asırıwda oqıwshılar kartinanın` mazmunın` ondagı en belgili (tiykarg`ı ayırmashılıktı ha`m de o`zinin pikirin aytıwdı bile baslaydı. Mıs~ su`wrette ne unadı ne unamadı kartina qanday sezimin oyatadı x.t.b. gu`rrin`ler ekinshi klassta da albette sabaqtın basında, ortasında yamasa aqırında o`tkeriliui mu`mkin. Yag`nıy sol bolıp atırgan tiykarg`ı sabaq penen birge qosıp alıp barıladı. Mıs, naturadan su`wret salıw tematikalık dekorativ su`wret salıw . Lekin sonı tikkeley gu`rrin` o`tkeriu tikkeley sabaq temasına baylanıslı yamasa bag`ınıshlı bolmauıda mu`mkin. Sonın` ushın gurrin` teması basqa bolıwıda mu`mkin. Kartinanı analiz qılıw waqtında oqıwshının` alg`an bilimlerine ken` paydalanıw kerek ha`m olardı itibarga alıwı shart. Mıs. kompozitsiya haqqında bilimleri perspektiva koloritik t.b.

Oqıwshılarg`a gu`rrin o`tkiziw sabaqları tiykarınan sabaqlıklar qatarında bo`lek o`tkeriledi. Bul sabaqlarda oqıwshılar su`wretlew o`neri tu`rleri bolg`an

jivopis`, grafika, skluptura, dekarativ ameliy qol o`nerinin o`zine tan belgilerin ha`m ayırmashılıkların jaksı tu`sinip aladı.

Peyzaj natyurmort haqqında o`z pikirlerin bildire aladı. Sonın` menen birge sabaqta analiz kılıp atırgan kartinaga tolık baxa bere alatug`ın boladı. Egerde qısqasha sabaq o`tiw strukturasına toktaytug`ın bolsak bul tomendegishe bolıwı mu`mkin~

1. Gu`rrin` teması ataladı. Usı temaga baylanıslı oqıwshılardın tagıda qanday kartinalarda biletug`ınlıg`ın soraladı. qaysı su`wretshiniki ekenligi.

2. Shıg`armanı analizlew temag`a baylanıslı diofil`m yamasa kartinalardan reproduktsiyalarda korip shıgıw w- minut oqıwshılardan kartina teması, xudojnik atı soralıp barıladı. Sonın` menen bir katarda albette oqıtıwshı o`zi analizleydi (tolık).

3. O`tilgen temanı bekkemlew. Bahalaw ju`wmakla?.

Al kompozitsiya bolsa ha`mme su`wretlenetug`ın zatlardın su`lder su`wretin salıwdan baslanadı.

Kompozitsiyanın` ulıwma sxeması haqqında oylanıp otırg`an oqıwshı na`rse qay jerde su`wretleniuin maselen qaysı figura qanday kolemde qag`az betinin qay jerde jaylasıwın qanday renler menen isletiuin ko`z aldına elesletiu, surette tiykargı su`wret salıw sabaqlarında ha`r turli iskusstvolık shıgarmalardın reproduktsiyalarının` bolıwı talap etiledi. Tema tiykarında su`wret salıwga u`yretiude balalardı janlı tabiyat penen baylanıstırıwın roli ulken exmiyetke iye.

Tema tiykarında su`wret salıw gu`rrin` su`wretlew o`nerinde predmettin en` qızıqlı ha`m en` za`ru`r bo`limlerine qaratıladı. Tematikalıq su`wretlew tiykarınan mazmunlı ha`m tu`sinikli bolıwı tiyis bul ushın oqıtıwshı oqıwshılar ushın kundelikli turmısqa baylanıslı yamasa olardın` ko`z aldına elesleytug`ın ha`m eske tu`siriw an`sat bolg`an temalardı tan`lap gu`rrin` o`tkeriwi kerek. A`dbette su`wret salıw ushın a`debiy shıg`armalar (xalıq ertekleri tımsal, povest`, gurrin`) haywanlar tirikshiligine tiyisli bolg`an temalar derek bolıp xızmet etedi. Tiykarınan oqıtıwshı tapsırma bolg`an temalar derek bolıp xızmet etedi. Oqıtıwshı tapsırma bergende bir yamasa bir neshe temanı tan`lap aladı (ha`m usı tiykarında aytıp beriwdi de oqıwshılar dıqqatına usınadı. Sonın` menen birge, oqıwshılar dıqqatına sol temalardan o`zine unag`an o`zin qızıqtıratug`ın bir temanı tan`lap aladı ha`m usı tiykarında su`wret salıw oqıwshılarg`a tapsırıladı. №ıyal ha`m ko`zaldına keltiriw tiykarında su`wret salıw shınıgıwında en` jaksı korgen mugallim inam menen dostım temalarında

su`wretler salıwda shınıgıwlardın natiyjelegin oqıwshılardın pa`nge bolgan kızıgıwshılıg`ın arttırıwga tup nuskasın usatıwgı jan-tani menen ha`reket etedi. Ballar ertekler tiykarnıda ad ulken kızıgıwshılık penen su`wret salatug`ınlıg`ı belgili ballardın` su`yip oqıytug`ınlıg`ın yamasa esitken erteklerine su`wret saldırsa janede natiyjeli boladı. Bunday ertekler kartina «Bawırsaq, kalabok», «Tulki menen tırna», «Shalgam-repka», «Maktanshak koyan» x.t.b. kirgiziw mu`mkin. Tema tiykarında su`wret salıw sabaqlarında ballardın fantaziya ha`m ko`z aldına elesletiudin aktiv xızmetke aylanadı. Sonday-ak bunday shınıgıwlar dun`yanı tanıw ushın xızmet etedi. Mug`a`llim tapsırmanı tu`sindirgende oqıwshılarda temag`a bolg`an qızıg`ıwshılıq tu`wdırıw za`ru`r. Mıs a`debiy shıg`armanın` mazmunı menen baylanıslı bolg`an temanı ashıp korsetiwde mug`a`llim balallardın` dıqqatın gu`rrin tımsal yamasa ertektin` ideyallıq ta`repine awdaradı. Na`tiyjede oqıwshılar shıg`armadag`ı tiykarg`ı na`rse na ondag`ı qaxarmanlar kimler, olardın` ha`rakterleri ha`m sıpatlarının` qanday ekenligin tu`sindire baslaydı. Ta`jriybe ko`rsetedi, mug`a`llim temanı qanshelli teren`, tolıq tu`sindirse olardıu` ballardın` su`wretleri sonshelli mazmunlı ha`m sapalı shıg`adı mug`a`lim ol yamasa bul temanı tu`sindirip beriwde ha`r qanday nızamlı su`wret kompozitsiyadan baslang`anlıg`ın esletedi.

Su`wretlew o`neri teoriyası tu`wralı gu`rrin` o`keriwde to`mendegilerge itibar beriledi. qa`lem su`wret- qa`lem su`wret su`wretlew o`nerinin tiykarı. zatlardı su`wretlew ha`m olardın forması, du`zilisi elementleri.

Perespektiva haqqında ulıwma mag`lıwmat. Perespektiva tu`rleri. Zatlardı su`wretlewde perespektiva qag`ıydaları ha`m tiykarg`ı tu`sinikleri, qa`lem su`wret kompazittsiyası.

Shtrix. Tu`s , tu`sler qatnası. qa`lem su`wrette ushqın jaqtı, jarıq, yarım saya, o`zinin sayası, refleks ha`m tu`siwshi sayalar haqqında. Zat ha`m buyımlardı tu`s arqalı fakturasın belgilew. Buyımlardı kenisliktegi jag`daydı su`wretlew.

Ren`tu`sinik ha`m boyau menen islew. Ren` o`zi ne . ren` spektorları. Axromatik ha`m xromatik ren`ler. Issı ha`m su`wıq ren`ler. Ren` su`wret shıg`armalarında ren` uyg`ınlag`ı ren` kontrastı tu`si.

Akvarel` gu`wash, maylı `oyau, plamasterler. Boyaulardın oenin tanlaw, kosıu, jana ren payda etiw. Boyawlar menen islew texnikası ha`m onın` izbe izligi. Politrada paydalanıw.

Ta`biyat ko`rnisin islew barısı o`z ishine bir neshe wazıypalardı aladı.

Kompozitsiya birligin tuwrı tabıw. Perespektivanı tuwrı tabıw. Tawlardın` o`z-ara tegislikte jaylasıwı. Ha`r bir tawdın` jaqtılıq ha`m saya ja`rdeminde ko`lemin ko`rsetiw. Aspan, jer, su`w, tawlardın` bir-birine salıstırmalı ren`li tonların tabıw.

Gu`rrin`de ta`biyat ko`rnisin baslawda onın` ulıwma masshtabın tabamız ha`m belgileymiz. Keyninen ha`r bir ko`rnip turg`an na`rseni o`z aldına emes, al birgelikte bir pu`tin kompozitsiya  retinde shala su`wret usılında belgilenilip alınadı. Sonnan son` ha`r na`rsenin` o`z-ara uzaq jaqınlıg`ı, biyikligi ennine salıstırmalı tuwrı tabılıwı tiyis. Na`zer sızıg`ı qag`ıydasına muwapıq qaysı bir na`rse aldın`g`ı planda ko`ringen bolsa, sol na`rse pa`sirekte su`wretlenedi. Ren`lerdi bergende a`weli birewi, keyin ekinshisi yag`nıy ha`r na`rsenin` o`z aldına ren` beriliwi nadurıs ekenligin eskertip o`tiwimiz orınlı, sebebi ha`r biri o`z aldına bo`lek-bo`lek bolsa, o`z-ara ren`ler baylanısı ha`mde kompozitsiya birligi buzılıp ketedi. Sonlıqtan ta`biyat ko`rnisin salıw protsessinde ha`mme na`rselerdi birdeyine salıstırmalı, ren`ler berilip barılıw kerek. Peyzaj realistlik go`zzal bolıp shıg`ıwına saya, refleks, otrajeniya, ren`lerdi o`z-ara proprotsional` anıq berilse g`ana erisiwimiz mu`mkin. Tag`ıda joqarıdag`ı maqsetke erisiwimiz ushın peyzajdag`ı en` qoyıw ha`m en` ashıq jerlerin anıqlaw kerek.

Ulıwma ta`lim mekteplerinde gu`rrin`ler o`tkeriw sabaqtın basında olarda yamasa aqırında boladı. Sonın` menen birge sabaqlarda mazmunları jakın bolgan shıgarmanı analiz qılıw, salıstırıw su`wretshi shıgarması menen renli fotonı salıstırıu jokargı effekt beredi. Oqıwshılardın su`wretlew o`neri haqqındag`ı oyın-sezimin asırıwda

Oqıwshılar kartinanın` mazmunın  ondag`ı en` belgili (tiykarg`ı ayırmashılıqtı ha`m de ozinin pikirin aytıudı bile baslaydı. Mıs su`wrette ne jakte ne jakpadı kartina qanday sezimin oyatadı x.t.b. gu`rrin`ler ekinshi klassta da albette sabaqtın basında, ortasında yamasa akırında otkeriliui mu`mkin. Yagnıy sol bolıp atırgan tiykargı sabaq penen birge kosıp alıp barıladı. Mıs, naturadan su`wret salıu tematikalık dekorativ su`wret salıu . Lekin sonı tikkeley gu`rrin` o`tkeriw tikkeley sabaq temasına baylanıslı yamasa bag`ınıshlı bolmauıda mu`mkin. Sonın` ushın gu`rrin` teması baska bolıuıda mu`mkin. Kartinanı analiz qılıw uaktında oqıwshının` algan bilimlerine ken paydalanıw kerek ha`m olardı itibarga alıuı shart. Mıs. kompozitsiya haqqında bilimleri perspektiva koloritik t.b.

Joqarg`ı klassqa kelip gu`rrin` o`tkiziw sabaqları tiykarınan sabaqlıklar qatarında bo`lek o`tkeriledi. Bul sabaqlarda oqıwshılar su`wretlew iskusstvolıq tu`rleri bolg`an jivopis`, grafika, skluptura, dekarativ ameliy kol o`nerinin o`zine ta`n belgilerin ha`m ayırmashılıqların jaqsı tu`sinip aladı.

Peyzaj natyurmort haqqında o`z pikirlerin bildire aladı. Sonın` menen birge sabaqta analiz qılıp atırg`an kartinag`a tolıq baha bere alatug`ın boladı. Egerde qısqasha sabaq o`tiw strukturasına toqtaytug`ın bolsaq bul to`mendegishe bolıwı mu`mkin.

1.Gu`rrin` teması ataladı. Usı temag`a baylanıslı oqıwshılardın tag`ıda qanday kartinalarda biletug`ınlıg`ın soraladı. qaysı su`wretshiniki ekenligi.

2.Shıg`armanı analizlew temag`a baylanıslı diofil`m yamasa kartinalardan reproduktsiyalarda ko`rip shıg`ıw 2-3 minut oqıwshılardan kartina teması, xudojnik atı soralıp barıladı. Sonın` menen bir qatarda albette oqıtıwshı o`zi analizleydi (tolıq).

3. O`tilgen temanı bekkemlew. Bahalaw juwmaqlaw.

## *II. TİYKARG'I BO`LİM*

### *1. Su`wretlew o`nerinin` mu`sinshilik tu`ri boyınsha gu`rrin` o`tkeriw*

Su`wretlew o`nerinin` musinshilik tu`ri haqqında gu`rrin` o`tkeriwde to`mendegishe mag`lıwmatlar beriledi.

Musinshilik hakkında ulıwma maglıwmat.

Musinshilik o`zi ne. onın su`wretlew o`nerinde tutkan ornı. Musinshiliktin rawajlanıwı, tarıyhıy ha`m onın makseti, mazmunı.

Musinshiliktin teoriyalıq-ha`m a`meliy shıgarmaları. Musinshi su`wretshileri ha`m olardın do`retiwshiligi.

Musinshilik materialları ha`m a`spab uskeneleri. Musinshilikten baslang`ısh shınıg`ıwlar. Ilay ha`m plastilin menen islewdin da`slepki shınıg`ıwları tuwralı ken`nen tu`sinik beriw.

Mu`sinshilik o`neri- su`wretlew o`nerinin` en` a`yemgi tu`rlerinin` biri bolıp, adamlar ele su`wret sızıw ha`m jazıwdı bilmesten aldın ılay ha`m japısqaq materiallardan Adam ha`m haywanlar su`wretin islegen.

Su`wretlew o`nerinin` bul tu`ri boyınsha gu`rrin` sabag`ın J.Kuttımuratovtın` do`retiushiligi xaqqında alıp barsaq boladı.

Qaraqalpaqstannın` en` ko`rnekli skul`ptorlarının` biri J.Kuttımuratov (1934 j.) bolıp tabıladı. Bul ustanın` do`retiushiligi 1960 jj. baslanadı - su`wretlew o`nerinin bir tu`ri bolgan - skul`pturanın` payda bolıw, du`ziliw waqıtı. O`nın` jaralıwında bul ustanın` xızmeti u`lken.

Su`wretshinin` jumısları tematikanın` ha`r tu`rliligi, burın tawılg`an ha`m isletilgen usıllırdın` tu`rin o`zgertiw, bir qarag`anda qayta islengendey tu`yiletug`ın go`ne usıllarda jan`a sheshimlerdi tabıw menen minezlenedi. Onın` shıg`armalarının` obrazları shınshıl ha`m sada. Skul`ptordın` jumısları tiykarı boyınsha dekorativli, ko`binese gu`mis, ren`li shiyshe, ta`biyiy taslar menen bezelgen. J.Kuttımuratovtın` shıg`armaları qaraqalpaqlardın` dekorativlik qol ko`rkem - o`neri menen tikkeley baylanısqan olardın` payda bolıwı tek g`ana tuwrı izdi dawam ettiriw emes, al xalıq o`nerinin` da`sturlerinin` o`zgeshe bir dawam etiwindey organikalıq payda bolıw degen sezim bilinedi. Bug`an obrazlardı beriw usılı da az emes mu`mkinshilik jaratadı. Obrazdı diziw ha`reketinde skul`ptor tek bet a`lpetti dıqqat penen isleydi. Bet a`lpettin` shırayının` ha`rkıylı qarama qarslıklarının`, bas kiyim ha`m shashlardı sheber berip, al figuranın` o`zin` bo`lmey ha`m tag`ı da detallardı ashpay pu`tin ko`lemde beredi. Solay etip qol ko`rkem - o`nerinin` shıg`armalarının` dekorativ

tiykarına ılayıq ieletug`ın pu`tin ha`m juwmaklang`an obraz sog`ıladı. Ko`bine - ko`p J.Kuttımuratovtın` bul sha`rtli jumısları plastikalıq du`ziyiw ha`m ishki, poetikalıq ruxlang`an mazmundag`ı qaytalanbas ma`nilik penen ayrılıp turadı. İskusstvonın` o`zgeshe kategoriyası esabında juwmaklaw №araqalpaqstannın` aymag`ında su`wretlep ko`rsetiw menen baylanısqan ha`m onın` minezleme shegi bolıp tabıladı. J.Kuttımuratovtın` do`retiushiligine salıstırg`anda tek onın` erte shıg`armalarına ta`n, keyingi shıg`armaları bolsa u`lken ishki mazmun, minezleme beriw ha`m plastikanın` ko`rkemligi menen ajıralıp turadı.

Milliy da`sturlerdin` bay du`n`yasın tusiniw J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginde A`iyemgi Mısr ha`m A`iymgi Gretsiyanın` iskusstvosın qatar u`yreniw menen birge bardı. Eski xalıqlardın` ma`deniyatının` baylıg`ın tu`siniw skul`ptordın` du`n`ya tu`siniginin` du`ziliwine ha`m rawajlanıwına, onın` do`retiushilik ko`z - qarasına, izlenislerdin` ha`reketine ta`sir etpey qoymadı. Su`wretshinin` skul`pturasının` evolyutsiyasının` o`zinde belgili bir nızamlıqlardı atap otiwge boladı: da`rejesi boyınsha ha`r kıylı buyımlardın` ko`p waqtında - bir waqları o`nsha ku`shli emes, - barlıq en` jaqsı zatlardı korsetetug`ın ha`m kontsentratsiya etetug`ın ishten tu`sinilgen rawajlanıw sezimi jasaladı. J.Kuttımuratovtın` do`retiushiligi - bul shın ma`niste bar ha`m kiyalıy, ko`z aldıg`a keltiriushi xaqıyqatlıqtın` ma`ngilik antitezası.

J.Kuttımuratovtın` ko`lemi boyınshı kishkene da`slepki shıg`armaları, mısalıg`a «Keshkene kelin» (1965-1968 jj.) «Tobeliktegi qız» (1968 j.) o`zgeshe - suvenirlik minezlemege iye. Silueti menen onsha ulken bolmagan statuetkalardı yadka tu`siredi. O`zine tartpaytug`ın, derllik tsilindrliq, tar iyinli ha`m qolların denesine qısqan modelerdi su`wretleytug`ın tik turg`an figuralar. Bul jumıslardın` sog`ılıw o`zgesheligi jan`a baslap atırg`an skul`ptordın` materialdan ta`biyi ga`rezliliginen kelip shıg`adı. Bul figuralar ele o`renin` tsilindirlik forması menen baylanısqan ha`m ag`ashtan ele tolıq ayrılg`an joq. J.Kuttımuratovtın` da`slepki shıg`armaları u`lken sheberlik penen ayrılmasada, solay bolsa da, olar o`zine su`wretshinin` islep atırg`an obrazına xa`wlirgen qatnas, keypiyattın` tikkeligi menen daqqatı tartadı.

Tvorchestvosının` en birinshi adımlarınan baslap J.Kuttımuratov o`zinin` shıg`armalarında ko`lem ha`m mazmunnın` plastikasın beriwdin ko`p sanlı mashqalaların` sheshiuge tırısadı. Skul`ptordın` jumıslarına jaqtılıq islep shıg`ıu da ta`n, bir waqları ha`ykel ag`ashtın`, tastın` reninin` gradatsiyasın beredi. Ol sayalar, oyıw ha`m du`n`keytiw kontrastları menen isleydi. Mısalıg`a, «A`rman» shıg`arması (1960 y), bunda teren` oyılg`an ko`z tesikleri oyılip kesilgen qaslar yarım shenberegi

qarama - qarslıq tu`rde siluetlik juwmaklang`an ma`nili bet - a`lpet aktivlesedi. Bunnan ko`zlerdin` shuqırlıg`ı, ma`niligi ha`m barlıq bet - a`lpettin` ma`nisi ele de o`zine tartadı. J.Kuttımuratovtın` ko`pshilik shıg`armalarında sıyaqlı bunda figuranın` plastikasın ha`m ko`lemin, bet - a`lpettin su`yir - sopagın, ulıwma bastı ag`ashtın` tiri ha`m jıllı materialı menen beredi. Bul alamnın` o`zgeshe sulıwlap korsetilgen a`rmanı, wakıt, o`zi xaqqında, bizdi qorshap turg`an adamlar xaqqında, tilektin` o`rınlanıwı mu`mkinshilikleri xaqqında oylau.

J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginde milliy da`stu`rlerge izleniw eki tu`rli minezlemege iye. Birinshiden, bul ko`rkem qol o`neri ayrım motivlerin tuwrı qollanıw, atap aytqanda, nag`ıstı oyıu ha`m kosıw jolı menen su`wretlew, onın` jumısındag`ı personajlardın` kiymindegi bezewlerdi imitatsiya etiw (U`lken kelin (1965-1967 jj.), «Alma» (1966 j), sonday-aq onın` obrazların` plastikalıq sheshiw. Atap aytqanda qaraqalpaqlardın` ko`rkem qol o`nerine burılıwı na`tiyjesinde usta tek ozinin`, jeke bayan etiw jolın islep shıqtı. Onın` shıg`armalarında jumıslardın` personajların korsete - beriw jumaklang`an minezleme, ko`lemdi qurıwdın` jumsaq plastikası o`zgesheligi (ag`ashtın` du`zilisi ha`m o`zgesheliklerine bola), sayalıqjaqtılıq modeli, sonday-aq aralıq ha`m wakıttı sheshiw xarakterli (bunda qaraqalpaq ko`rkem qol o`nerinin` o`zgeshelikleri, onın` «sozılıwshı» minezilemesi, aralıqtı waqıttan tıskarı sheshiu na`zerde tutıladı). Ekinshiden, su`wretshinin qaraqalpaqlardın` xalıq o`nerinin` awız-eki formasına - fol`klor ha`m poeziyag`a jantasıwı. Bunın na`tiyjesi, ko`p sanlı epos ha`m dastanlardın` obrazına u`yles qaharmannın` milliy u`lgisin izlew boldı («Qırıq qız», «Alpamıs» ha`m t.b.). Ushinshiden, qaraqalpaqlardın` muzıkasının` bir tegis sesti kirgen J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginin o`zgeshe o`lshemin aytıp otiw kerek.

«U`lken kelin» shıg`arması (1965-1967 jj.) skul`ptor ta`repinen nag`ıs motivlerdi qollanıwdın` en` ko`p korgizbe u`lgisi. Bunda J.Kuttımuratov qaraqalpaq qızlarının` o`ner bezewleri bolg`an «ha`ykel», «shartu`yme», «o`nirmonshaq» lardı su`wretleydi. Kelinnin` sozılg`an jalg`ız qatal forması, bet a`lpetinin` jumsaq jasalıwı, personajdın` figurasının` lokanikalıq - basqa bir na`rse alan` bolg`an figurası ko`lemi, ishki tu`siniwdin` emotsionallıq aspektinin` qanshalıg`ın ayrıqsha ko`rsetedi. Bunda naturalistlik shınlıq emes, al onın` artında turg`an xalıqtın` idealına jaqın bolg`an ko`rkem obraz - simvol a`xmiyetli. O`mirdin` ma`ngilik simvolı, adam o`mirinin` a`xmiyetli etaplarının` qaytarlanıwı.

«A`mudar`ya» (1965-1967 jj.)-skul`ptor bul obrazdı wakıttın` allegoriyası, ma`ngilik jan`alanıug`a ha`reket esabında qaraydı. Bunda J.Kuttımuratovtın`

do`retiushiligine ta`n filosofiyalaw baslanıw kirgizilgen. Bul obraz o`zinde lirizm, sonday-aq ma`rtlikti u`ylestiredi. Tamashago`yge ko`rkem qıyal etiwdin` o`zgermeli oyının baqlaw o`nda reallıq ha`m fantaziya, do`retiushiliq oylap tabıw ha`m shınlıq biriktiridgen avtordın` oyına qızıg`ıw usınıladı. «A`mudar`ya» su`wretshi ta`repinen terektin` u`lken tamırınan sog`ılg`an. Tamırlardın` bo`liniwi skul`ptor ta`repinen ashıwlı ha`m ku`shli ag`ıslı da`r`yanı su`wretleytug`ın samaldan jayılıp ketken shashlar korinisinde paydalanılg`an. Mine usı jayılg`an shashlar momenti menen su`wretshi shıg`armag`a ekspressiya momentin, o`zgermeli u`lken su`wdın` ag`ısının` ha`reketin kirgizedi. Bul tabıslı tabılg`an motiv dinamikalıq - kozg`alıwshı aralıq ha`m wakıttın` o`zgermeytug`ının dwziuge mu`mkinshilik beredi. Jumıstın` ekspressiyasının` ten`lestiriushi balansı bolıp «A`mudar`yanın`» bet - a`lpetinin` juwmaklaushı - statikalıq kornisi xızmet etedi. Sog`an bola kompozitsiyalıq qurılıs pitken pu`tinlikti aladı.

Hayal-qızlar obrazı, atap aytqanda jalanash forma J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginde onın` jumıslarında ba`rqulla derlik orın taptı. Ya sayada qalıp, ya birinshi plang`a shıg`ıp, birde bir na`rsesin joytıp, tu`rin o`zgertip, birde jan`a nyuanslar menen bayıtılıp, bul tema J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginde o`zinin` jeke rawajlanıwın, o`z o`mirin taptı. Jalan`ash hayaldın` denesin su`wretlewde usta qatan`lıqtın` qarama-qarsı ka`siyetlerinin` ten`be-ten`ligin, barlıq kompozitsiyag`a dinamikalıq ku`sh beriwshi ritmler tazalıg`ın ha`m formanın` koterinkili serpeliligin tabadı. «Aq tamır» (1970 j.), «Jalan`ash» (1971 j.), «O`mir birligi» (1976 j.), «Balıqlardı kutkarıp atırg`an Anaxita» (1981 j.), «Otırg`an qız» (1982 j.) - bul shıg`armalarda o`zgeshe ko`rinis penen intuitsiya birinshi orıng`a shıg`adı. Ol jumısta oydı emelge asırg`anda sezim - anıqlıq ha`m sha`rtli - ratsionallıqtı ha`m emotsionallıqtı biriktiretug`ın o`zgeshe joldı tabıug`a ja`rdem beredi. Su`wretshi hayal ko`rinisinin` qaytalanbas ha`r kıylı ren`lerin beredi. Otırg`an, turg`an figuralar tiri minezleme ha`m jag`ımlılıqqa bay. Ha`r bir jumısta o`z gratsiyası, keypiyatı, o`lshewdi seziw bar.

«Kishkine kelin», «To`beliktegi qız» ha`m t.b. ko`lemdi ha`m kompozitsiyanı qurıwda o`lshemli du`ziwsızıq ha`m formalardın` mexanikalıq qaytalanıwı bar da`slepki jumıslardan ayırmashlıg`ı - jalan`ash hayal denesin su`wretlewde su`wretshi iyilgish aralıq ha`m kompozitsiyalıq sheshimlerge keledi. Adam denesinin` plastikasın quramalı rakurslardı qollanıp endi elede sheber sezedi ha`m sonın` menen birge ta`biyiylik sezimine erisedi. J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginin` o`zgesheligi ishki ekspressiya kushi bolıp tabıladı, bunda ta`sirlilik, bet - a`lpettin

jeneligi emes, al ha`reket, plastika ha`m kerek bolsa denenin` «o`siu» dinamikasın beriw a`hmiyetli. Mısalıg`a, «Aq tamır» (a`9w0 j.) shıg`armasında. Bunda dene oyanıp atırg`an, kaynag`an o`mir energiyasınan tiriledi. Bul jumıstın kompozitsiyasının` emotsional qalatının` ko`p ma`niligi da`slep skul`pturanı na`zik, sezilerli ko`rkem kuramalı nyuanslaug`a baylanıslı. Ol oraylıq - jabıq formanı sırttan beriw ha`m ishki baslanıwdı ashıq, qorg`almag`an, oyatıw arasındag`ı qarama - qarsılıqlardan du`zilgen. Obrazdın` ma`niligin ashıw ha`m ku`sheytiw ushın skul`ptor qızdın` figurasının` minezlemesin shiyelenistiredi. Kompozitsiya dongelek skul`ptura qag`ıydaları boyınsha du`zilgen: sulıwlıq ha`m ma`nilik tek ja`n-jag`ınan qarag`anda tolıq ashıladı. Kompozitsiyanın` arxitektonikasının` anıqlıg`ı ko`lemlerdin` sozılıwshan`lıg`ı menen ku`sheyedi. Ko`pshilik jumıslarındag`ıday skul`ptor bar bolg`an mantıktı saqlap, ozinin` tu`sinigine ha`m ko`riwine karap ozgertip bunda sulıwlıqtı stilleydi, biriktiredi ha`em kerek bolsa oylap tabadı. Solay etip J.Kuttımuratov ta`biyattan alıng`an elementlerdi sog`an qusatıp qayta sog`ılg`an ta`biyat elementlerine aynaldıradı. «Hayal - qızlar» tematikası menen qatar skul`ptor psixologiyalıq plandag`ı shıg`armalardı islep shıg`adı, ha`m iske asıradı. «Balıqlardı qutkarıp atırg`an Anaxita» (a`9ha` j.) dekorativ kompozitsiyasında aralıqta pa`rwaz urıp jurgendey figura xa`reketleri ko`p g`ana tegisliklerde o`sedi; su`wretshi serippeliligi qız qudaydın` qanatların kesip jiberetug`ın jen`il ushın, samaldın` esiwin seziwge erisedi. Anaxitanın` figurasında klassikag`a tiyisli ashıq garmoniya sezimi bar. Ha`rekettin` effekti menen birge bunda ha`reketke koyılg`an shek te seziledi. Su`yektin` u`stinin` jen`il isleniwi, ko`lemlerdin` bir tegis «ushıwı» psixologiyalıq kiriw, poetika ha`m de muzıkalıq sezimlerdi payda etedi. Figuranın` bir tegis mu`yeshleri, ko`lemnin` serippeliligi, sheber o`rınlanıwı usı jumıstı minezleydi.

Bul ma`niste «Jalanash» (1971 j.) jumısı da qızıqlı. Onda ha`rekettin` erkin dinamikası pu`tanliktin` ma`nisli sezimi menen baylanısadı. Bul shıg`armada mexanikalıq ha`m dekorativlik plastikada ken` tarqalg`an materialdın` fakturasının` qopal tolıq islenbewi ha`m kompozitsiyanın` pitpegendey tu`yiliwi shıg`armag`a bir u`akıttın` o`zinde monumentallıq ha`m kamerlıq belgilerin beredi. Ulıwma aytqanda barlıq «jalan`ashlar seriyasında» su`wretshi naturanı jaqsı biledi, kerekli aktsentti sheber beredi. Ag`ashtagı kompozitsiya ba`rqulla J.Kuttımuratovtın` do`retiushiliginin` en` ku`shli ta`repi boldı. Ustanın` barlıq jumıslarında jumısqa shınlap beriliwdi, obrazda ha`m minezlemede en` tiykarg`ısın sheshiwshisin ayıra alatug`ın dıqqatlı ha`m o`tkir ko`zi bar ekenliligin aytıp otiw kerek.

J.Quttımuratov ta`repinen a`9hg` jılı islengen «Tomiris» obrazı - bir waqıttın` o`zinde, shın ha`m oydag`ı, burıng`ı ha`m ha`zirgi du`n`ya shegaralarında bolıp, bir neshe aralıq ha`m tiykarg`ı wakıtlar o`lshemlerde jasaydı. Sabırlı - aqıllı ishki ku`sh ha`m filosofiyalıq terenleniw - mine usılır bul personajdı minezleydı. Bul obrazda passiv ko`z salıw hesh sezilmeydi. Atı atalg`an shıg`armag`a qarap, birinshi orında biz obrazda tınıshlıq, erk ku`shin, o`mirlik ta`jiriybe ha`m o`mirge aktiv katnastı sezemiz. Sonın` menen bir wakıttın` ozinde jas, a`jayıp, sulıw hayaldın obrazın. Bir wakıttın` o`zinde ku`shli ha`m ha`lsiz, sulıw ha`m reyimsiz hayaldın eki tu`rli minezin islep, su`wretshi bastan konkret - personajda psixologiyalıq halatlardın` ha`r tu`rliligin sheshiwdi aldına ma`sele etip qoyadı. Ko`rkem mashqalanın` bunday qoyılıwı ustanın` isletiliwi ele de quramalı, biraq sonın` menen birge plastikalıq bay material - mramor menen islesiwge tiykar saldı. Mramor menen islesiwdin` spetsifikası materialdın` qırsıqlıg`ı, texnikalıq protsesstin` qıyınlıg`ı, mu`mkin bolg`an deformatsiyalardın` mu`mkinligi sebepli qıyınshılıqlardı shuqurlastıradı. №ımbat bahalı, ko`zdi qamastıratug`ınday appaq mramor, a`piwayılıq ha`m anıqlıq penen ayırılıp turatug`ın bastın` burılısı - massagetler patshasının` saltanatlı, sonın` menen birge mu`layım obrazı usılay jaratıladı.

A`yemgi ullı basıp alıwshı Aleksandr Makedonskiyge arnalg`an «İskender» (1967 j.) shıg`armasında personajdın` qılg`an islerinin bahası ashılatug`ın quramalı aralıq waqıt qatnasıqları payda boladı. Solay etip, tariyxıy qaharmanlar, - bular «Beriniy» (1967 j.), «Tomiris» (1982 j.) jumıslarına da tiysli, - tek o`zlerine tiyisli ruwxıy aralıq sferasına sin`ip, keleshekke qarag`an ha`m sonın` menen birge bu`gingi ku`nnin qatnasıqlar sistemasına kirgen.

J.Quttımuratovtın` do`retiushiligi ushın minezlemeli na`rse, shıg`armalardı sog`ıwda ha`r tu`rli materiallardı paydalanıw bolıp tabıladı. Durıs, usta ozinin` skul`pturadag`ı jolın itimal, ko`bine - ko`p qollanılatug`ın ag`ashtan basladı. Bug`an ag`ashtın «tiri» strukturası, u`lken plastikalıq ma`nilik ha`m ha`r tu`rli syujetlerdi islew mu`mkinshiligi shariyat jaratadı. Biraq sonın` menen birge onın` do`retiushiliginde mramorda, su`yekte, kum taslar ha`m t.b. sog`ılg`an jumıslar ushırasadı ha`m ha`r waqıt, oylag`anda iske asırıp atırıp, skul`ptor obrazdın` plastikalıq sheshimine ha`m ruwxıy mazmunına tolıq juwap beretug`ın materialdı qollanadı.

# ***JUWMAQLAW***

Ha`zirgi waqıtta joqarg`ı oqıw orınları da`wir talabına juwap beretug`ın qa`niygelerdi tek teoriyalıq bilimlerdi teren` u`yretken jag`dayda tayarlamaqta, oqıw rejelerinde ha`m ka`siplik pa`nlerde oqıtıwg`a u`lken itibar bermekte. Lekin mekteptegi tek teren` bilimli, anıq bir pa`n qa`nigeligin iyelegen mug`allimler g`ana emes, sonın` menen qatar ullı adamgershilik qa`siyetlerge iye bolg`an balalar ha`m u`lkenler menen qıynalmastan baylanısa alatug`ın, olardın` psixologiyasın tu`sine alatug`ın haqıyqat sheber pedagog ustazlar kerek.

Bunday qa`niyge pedagog-psixolog-ta`jiriybeli oqıtıwshı joqarı pedagogikalıq sheberlik ha`m texnika ko`nlikpeleri menen qurallang`an adam bolıwı kerek. Bolajaq oqıtıwshı qa`niygeligi boyınsha bilimlerdi iyelew dawamında o`zinin` a`dep-ikramlılıq ruwxıy da`rejesin ken`eytiredi, o`z ka`sibi do`gereginde a`dep-ikram normalarına su`yeniw o`zgesheliklerin, onın` mazmunın o`zlestiredi, mug`allim a`depliliginin` balanın` jeke basına ta`sirin an`law. Tu`rli jag`daylarda o`z minez qulqın basqara alıw za`ru`rligin tu`sinip jetedi. Bir so`z benen aytqanda, pedagogikalıq sheberlikti, uqıp ha`m ko`nlikpelerdi. Pedagogikalıq texnika elementlerin o`zlestirip iyelep aladı.

Su`wretlew o`nerinin` tiykarg`ı wazıypalarının` biri adamlarg`a go`zzalıq, atap aytqanda ko`rkemlik ta`rbiya beriwden ibarat. Estetikalıq ta`rbiya-bul adamlardın` turmısında ta`biyattag`ı ko`rkem-o`nerdegi, adamlardın` o`z-ara qatnasıwındag`ı go`zzalıqlardı tolıq tu`siniw uqıbın ta`rbiyalaw ha`m go`zzalıq nızamlıqları tiykarında do`retiwshiligin o`siriwden ibarat. O`ytkeni, go`zzallıq adamlardın` aqıl-oyına, ku`shine, erkin ta`sir jasap, ruwxıy du`n`yasın baytadı. Ja`miyetimizdin` ha`r bir adamı qaysı tarawda jumıs islep atırg`anın`a qaramastan go`zzallıqtı ha`m na`ziklikti ko`re biliwi ja`ne tu`sine biliwi kerek. Su`wretlew o`neri sabaqlarında oqıwshılarg`a ken`eslikti su`wretlew usılların u`yretiw olardın` ta`biyatqa bolg`an mu`na`sebetin onın` su`wretleniw barısında nelerge itibar beriw kerekligin an`lap jetedi. Oqıwshılardın` su`wrlew o`nerin bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın arttırıw oqıtıwshının` en` baslı talabı bolıwı tiyis. Jan`a materialdı bayan etiw barısında balalardın` sabaqdag`ı iskerligi ha`m tapsırmalardı orınlawdag`ı say-ha`reketi ushın

bahalar qoyıladı. qadag`alawdın` ekinshi tu`rinde oqıwshının` tapsırmanı qanday darajada orınlag`anı tekseriledi ha`m bahalanadi. Bunda balalardın` sabaqtag`ı iskerligi de esapqa olınıwı mu`mkin.

Ameliy islerdi bahalaw tuwrıdan-tuwrı balalar ta`repinen orınlang`an su`wretlew isler (su`wret, mu`sin, qurıw-jasaw) tiykarında teoriyalıq bilimlerdi bahalaw bolsa savol-juwap, gu`rrin` tarzinde a`melge asırıladı.

Ku`ndelik qadag`alaw sabaqtın` baslawısh bo`liminde, o`tken sabaqda u`yge berilgen tapsırmalardı tekseriw maqsetinde de o`tkiziledi.

Balalardın` o`zlestiriwin qadag`alaw ha`m ob`ektiv bahalaw ushın ku`ndelik qadag`alawdı tez-tez o`tkizip turıwı lazım. №adag`alaw usınday sho`lkemlestiriliwi lazımki, sherek dawamında hesh bolmag`anda ha`r bir balada r-t baha bolıwı kerek. Sonı da esapqa alıw kerek, su`wretlew o`ner sabaqları ha`ptesine bir ma`rtebe ha`m bir saatdan o`tkiziliwi balalar iskerliklerin tolıq qadag`alaw qılıw ushın jeterli emes. En` kishi sherek altı ha`pte esaplansa, ha`r bir bala ha`r ha`pteda birewden baha alıwı lazım. Bolmasa, sherek aqırında ha`r birinde altawdan baha bwlmaydi. Na`tiyjede shereklik bahalar ob`ektiv shıqpaydı.

Jas o`spirim go`zallıqa umtıladı, en` da`slepki sızbaların su`wretten baslaydı. Su`wretlew o`neri insannın` ko`rkemlik sezimin o`siriwge ha`m la`zzetleniwdin` joqarı shın`ı bolıp esaplanadı. Biz su`wretlew jolı arqalı ta`biyattın` go`zzallıg`ın su`wretlew o`nerinin` tu`rlerin su`wret salıw texnika, usılların u`yremiz.

Ulıwma ta`lim mekteplerinde su`wretlew o`neri sabag`ında su`wretlew o`nerinin` tu`rleri menen tanıstırar ekenbiz, du`nyag`a belgili ullı xudojnikler, mu`sinshilerdin` do`replererin u`yretiw menen birge o`zimizdin` aymaqtag`ı jergilikli su`wretlew ha`m a`meliy ko`rkem o`ner ustalarının` do`retiwshiligi tuwralı gu`rrin` sabaqların alıp barıwımız kerek. Olardın` ustaqanalarına oqıwshılardı alıp barıp jaqqınnan tanıstırıwımız kerek. Oqıwshılarg`a klassta otırıp gu`rrin` sabag`ın o`tkergennen ko`re sol xudojnik, mu`sinshi yamasa xalıq a`meliy o`nermentinin` ustaxanalarına barıp, haqıyqıy jaratqan do`retpelerin ko`rsetiw olar menen sa`wbetlesiw, soraw juwap qılıw oqıwshılarda u`lken ta`sir qaldıradı.

## ***PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR :***

1. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. Toshkent, 1997 yil 29 avgust

2.Ta`lim to`g`risidagi O`zbekiston Respublikasi qonuni.Toshkent, 1997, 29 avgust

3.I.A.Karimov. «Bizdan ozod va obod Vatan qolsin».T., 1994

4.I.A.Karimov. «Bunyodkorlik yo`lidan». II-tom, T., 1996

5. I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. 1999

6. I.A.Karimov. «Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch».Toshkent. 2008

7.I.A.Karimov. O`zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent, 2012

8.Q. Eralin, T. Burkitbaev. Beyneleu o`neri sabaqtarinda oyin-tapsirmalarin paydalaniu. Shimkent, 1989.

9.Abdirasilov S., N. Tolipov N. Rangtasvir. -T.: Bilim, 2005.

10.Boymetov B. “Portret qalamtasviri”. O`quv qo`llanma. - Toshkent, 2001.

11.Boymetov B, Abdirasilov S. Chizmatasvir. O`rta maxsus kasb-hunar kolledjleri uchun o`quv qo`llanma.T., 2004

12.Boymetov B. “Qalamtasvir”. Darslik 1-qism.- Toshkent, 2006.

13.Oripov B. Tasviriy san`at darslarini samaradorligini oshirish omillari.T., 1978

14. Rostovtsev N.N Metodika prepodavaniya izobrazitel`nogo iskusstva v shkole. –M.: Prosveshenie, 1980.

15.Tojiev V. Qalamtasvir asoslarini o`rganish. T.1994

16. Tolipov N. Rangtasvir asoslari.T., 1999

17. Tojiev B. Qalamda manzara chizish (oqıw qollanba). T., 2000

18.Tojiev B. Rangtasvir fanidan ma`ruzalar matni. TDPU.Toshkent. 2000

19.Tolipov N., Abdirasilov S., Oripova N. Rangtasvir (1-qism). T., 2002.

20.Tolipov, N. Abdirasilov S.Oripova N. Rangtasvir (2-qism). 2003

21. Tolipov, N. Abdirasilov S.Oripova N. Rangtasvir. 2005

22. Tolipov, N. Abdirasilov S.Oripova N. Rangtasvir . 2006

23. Hasanov R. Narsaning o`ziga qarab rasm chizish. T., 1963

24.Hasanov R. Yosh avlodni san`at vositasida estetik ruhda tarbiyalash. T., 1982

25.Hasanov R. Tema asosida rasm chizish jarayonida estetik tarbiya. T., 1980

26.Hasanov R. Maktabda tasviriy san`at mashg`ulotlarini takomillashtirish yo`llari. T., 1986

27. Hasanov R. Amaliy bezak san`ati mashg`ulotlari metodikasi. O`quv qo`llanma.-T: 2003.

28. Hasanov R. Maktabda tasviriy san`at o`qitish metodikasi. Talabalar uchun darslik. -T.: Fan, 2004.

29.Hasanov R. Tasviriy san`atni o`qitish metodikasidan amaliy mashg`ulotlar. O`quv qo`llanma. 1,2 qismlar. – T:TDPU, 2006.

30. Hasanov R. Tasviriy san`at. Birinchi sinf o`quvchilari uchun darslik. –T.: G`.G`ulom, 2006.

31. www.pedagog.uz

32 .www.nbgf.intal.uz

33. www.ziyonet.uz

34. www.edu.uz